

BAB I BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Dina kahirupan manusa, sagemblengna moal leupas tina interaksi sosial antara hiji manusa jeung manusa séjénna. Nilik kana kamekaran jaman, interaksi sosial nu hadé téh kurang kaperhatikeun lantaran hiji jeung hal séjénna, hususna dina kahirupan kulawarga jeung sabudeureunna. Sanajan kitu, kahirupan kulawarga jadi puseur interaksi nu hadé tur asli pikeun dilarapkeun dina kahirupan sapopoé. Ku sabab sosialisasi téh mangrupa prosés interaksi antara hiji manusa jeung manusa séjén, tangtu aya konsép jeung ajén sosial dina kahirupan salaku mahluk sosial. Nurutkeun Soekanto (2014, kc. 54), interaksi sosial mangrupa hubungan sosial dinamis anu hubunganana pakait antara manusa, kelompok manusa, sarta antara hiji manusa jeung kelompok manusa. Interaksi sosial téh jadi puseur ayana carita dina karya sastra.

Karya sastra mangrupa hasil seni nu asalna tina prosés kréatif sastrawan jeung médium basa, lantaran sastra mangrupa pakakas piwulang, pituduh, sarta intruksi nu bisa dituturkeun ku peminat sastra utamana para nonoman Sunda sorangan pikeun alat komunikasi (Isnendes 2010, kc. 1). Dina ieu panalungtikan, karya sastra nu dipilih nyaéta kumpulan carita pondok. Carita pondok mangrupa karya sastra nu geus teu bireuk deui di lingkungan Sunda, nya, mangrupa carita nu wangunna pondok anu miboga éfék tunggal dina caritaanana. Sipat caritana anu diwatesanan jadi ciri khas ieu karya sastra. Nu disebut carita pondok di urang ilaharna aya 7.500 kecap anu kurang leuwih panjang kaca atawa halamanana aya 4—6 kaca kalayan maké spasi 1,5. Sanajan carita pondok kaasup kana karangan prosa nu pondok tur eusina nu diwatesanan, carita pondok ogé kabagi kana tilu kelompok, di antarana nyaéta carita pondok, carita pondok nu panjang “*long short story*”, jeung carita pondok nu pondok “*short short story*” (Sumardjo & Saini, 1986, kc. 30).

Kumpulan carpon nu munggaran medal jadi buku téh judulna *Dogdog Pangréwong* karangan G.S terbitan Balé Pustaka taun 1930, leuwih kolot ti batan kumpulan carpon basa Indonésia anu judulna *Teman Duduk* karangan M. Kasim terbitan taun 1936 (Isnendes, 2010, kc. 29). Anapon ditilik tina sajarah sastra Sunda nurutkeun Moriyama (dina Ruhaliah, 2019, kc. 77), karya sastra wangun carpon téh

mimiti medalna di mangsa katilu taun 1800 – 1900, dicirian ku medalna carpon karangan Haji Muhammad Musa anu judulna *Hibat* jeung *Santri Gagah*, ditulis taun 1869 atawa saméméhna. Satuluyna, medal deui buku karangan wangun carpon anu judulna *Dogdog Pangréwong* anu ditulis ku G.S taun 1930. Éta karangan téh mimitina teu ditarima minangka kumpulan carpon lantaran eusina masih kénéh kacampuran ku karya sastra wangun dongéng, tapi dina émprona mah kumpulan carpon *Dogdog Pangréwong* dibukukeun dina wangun majalah. Dina mangsa kalima taun 1945—1965, medal deui carpon anu eusina ngébréhkeun ajén sosial dina carita, judulna *Dongéng Énténg di Pasantrén* ku R.A.F taun 1961 jeung *Jurig* ku Tini Kartini taun 1963 (Ruhaliah, 2019, kc. 112).

Buku kumpulan carpon *Bral* medal taun 2011 anu ditulis ku Supriatna nyaritakeun kahirupan ‘kuring’ dina lima belas carita pondok. Judul-judul caritana ngawengku “Uyut”, “Ema”, “Bral”, “Nu Teu Nalipak Manéh”, “Sakaca Catetan Nini”, “Nini Sarti”, “Anak”, “Incu”, “Deudeuh Teuing”, “Dadah Nyai”, “Bagéan”, “Bu Aini”, “Nu Marahiwal”, “Keur Anaking”, jeung “Aki Ukon”. Dina ieu skripsi, carpon anu ditalungtik téh ngan dalapan carpon anu ngawengku ajén sosial nu bisa jadi eunteung dina kahirupan sapopoé. Judul carpon anu ditalungtik téh nyaéta “Uyut”, “Ema”, “Bral”, “Nu Teu Nalipak Manéh”, “Sakaca Catetan Nini”, “Nini Sarti”, “Bagéan”, jeung “Aki Ukon”. Anapon carita anu kahiji anu judulna “Uyut” nyaritakeun kahirupan kuring basa aya kénéh uyutna. Di dinya tokoh kuring miboga uyut anu pangpuhuna tur kacida bageur jeung béréhanana ka tokoh kuring. Carpon anu kadua masih nyaritakeun tokoh kuring tapi dina carita anu béda. Anapon dina carita nu katilu anu judulna “Bral” nyaritakeun tokoh kuring nu boga pagawéan jadi camat anu kudu nurut kana aturan pamaréntah. Sanajan aturan anu aya dina kapamaréntahan nu luhur téh kurang hadé pikeun kalumangsungan hirup masarakat manéhna, kaasup pikeun anak jeung pamajikanana. Dina carpon “Bral”, tokoh kuring boga anak anu teguh, nurut, panceg kana pamadeganana anu hiji mangsa kudu ngalawan kana aturan kapamaréntahan anu dipingpin ku bapana sorangan. Palaku utama dina ieu kumpulan carpon ilaharna maké sudut pandang jelema kahiji, lantaran maké kecap ‘kuring’ dina unggal caritana, sarta eusi tina unggal caritana téh teu nyambung ngaguluyur kayaning novél.

Ieu skripsi téh ngaguar ngeunaan struktur karya sastra ngagunakeun pamarekan struktural Stanton nu nétélakeun yén unsur-unsur karya fiksi téh diwangun ku: (1) téma, (2) fakta carita, jeung (3) sarana carita, anu baris diguar pikeun dijadikeun bahan pangaweruh sarta ngeuyeuban référénsi atawa sumber bacaeun pamiarsa ka hareupna (Isnendes, 2010, kc. 92). Lian ti strukturalna, ajén sosial dina ieu carita ditalungtik ngagunakeun tiori Soekanto anu ngawengku ajén sosial agama, ajén sosial moral, ajén sosial ékonomi, ajén sosial politik, jeung ajén sosial atikan.

Alesan panalungtik ngagunakeun buku kumpulan carpon *Bral* karya Supriatna pikeun dijadikeun objék panalungtikan téh lantaran eusi carita nu teu jauh jeung kahirupan sapopoé di lingkungan nu maca, sangkan bisa méré ajén-ajén kahirupan. Saperti dina carpon anu judulna “Uyut”, di dieu nyaritakeun tokoh uyutna kuring anu kacida nyaheunana ka sakabéh kulawarga hususna tokoh kuring mangsa balik ti balong bélaan manéhna katabrak mobil di sisi jalan gedé. Dina carpon anu judulna “Bral” ogé masih nyaritakeun tokoh kuring nu satékah polah sangkan anakna léah tina pamadeganana anu gurat batu. Hal éta bisa dijadikeun salasahiji ajén kahirupan keur pamaca di lingkungan masarakat nyaéta nyaah ka nu jadi kulawarga utamana turunan sorangan jeung kudu teguh kana pamadegan. Salian ti éta, ieu buku kumpulan carpon téh can aya nu nalungtik kalayan ngagunakeun pamarekan struktural jeung ajén sosial.

Panalungtikan anu medar kumpulan carpon kalawan ulikan struktural jeung ajén sosial dina wangun skripsi nyaéta “Kumpulan Carpon *Cinta* karya Panglawungan 13: Ulukan Struktural jeung Aspék Sosial” ku Dwiyani (2023), “Ajén Sosial dina Novélét *Jamparing* karya Chye Retty Isnendes: Ulukan Struktural” ku Sidiq (2022), “Struktur jeung Ajén Moral dina Kumpulan Carpon *Ceu Nonoy Putra Ua Banagara* karangan H.D. Bastaman pikeun Bahan Ajar Aprésiasi Sastra di SMA” ku Restika Sari (2022), “Kumpulan Carpon *Keretas Bodas* karya Panglawungan 13: Ulukan Struktural jeung Aspék Sosial” ku Kimkim (2022), ogé skripsi anu judulna “Novél *Ochank* karya Tatang Sumarsono pikeun Bahan Pangajaran Maca di Kelas IX SMP: Ulukan Struktural jeung Fungsi Sosial” ku Eka Ardiwisastra (2019). Anapon panalungtikan anu ngaguar ngeunaan ulikan struktural jeung ajén sosial dina kumpulan carpon wangun jurnal atawa artikel nyaéta “Nilai Sosial dan Nilai Budaya dalam Kumpulan Cerpen *Negeri Daha* karya

Bumiayu Creative City Forum” ku Ummah jeung Irma (2021), “Kajian Struktural Sastra pada Cerpen *Dua Orang Sahabat* karya A. A. Navis” ku Salsabila, spk. (2023), “Analisis Struktural Cerpen *Daulatu Al-‘Ashafii* karya Taufik Al-Hakim” ku Sari jeung Sa’idah (2020), “Kritik Sosial pada Antologi Cerpen *Konvensi* karya A. Mustofa Bisri: Sebuah Pendekatan Sosiologi Sastra” ku Saputra, spk. (2022), “Nilai Sosial dalam Kumpulan Cerpen *Potret Keluarga* karya Reda Gaudiamo dan Relevansinya sebagai Bahan Ajar Teks Cerpen Kelas IX” ku Naziha, spk. (2023), “Analisis Unsur Intrinsik dalam Cerpen *Mirror, Mirror On The Wall* karya Dewi Lestari” ku Darwis jeung Evi (2018), “Kajian terhadap Nilai-nilai Sosial dalam Kumpulan Cerpen *Rumah Malam di Mata Ibu* karya Alex R. Nainggolan sebagai Alternatif Bahan Ajar” ku Tarsinih (2018), “Analisis Struktural dalam Cerita Rakyat Mandar dengan Pendekatan Robert Stanton pada Aspek Sarana Sastra” ku Azis, spk. (2021), “Kajian Struktural dan Nilai Moral dalam Kumpulan Cerpen Kompas 2015 serta Pemanfaatannya sebagai Bahan Ajar Bahasa dan Sastra Indonesia di SMP” ku Setiawati (2017), jeung “Aspek Sosial dalam Kumpulan Cerita Pendek *Layung* karya Aam Amilia” ku Nurmala jeung Suherman (2021).

Dumasar kana panalungtikan nu geus ditataan di luhur jeung panalungtikan nu dilaksanakeun miboga sasaruana nyaéta sarua ngabahas ngeunaan struktural jeung ajén sosial nu aya dina karya sastra. Bédana ieu panalungtikan jeung panalungtikan saméméhna nyaéta sumber data atawa objék panalungtikan anu digunakeun nyaéta buku kumpulan carpon *Bral* karya Supriatna. Nilik tina kasang tukang di luhur, panalungtikan kalayan ulikan struktural jeung ajén sosial kana kumpulan carpon *Bral* karya Supriatna can kungsi aya nu nalungtik. Ku kituna, perlu pisan diayakeunna ieu panalungtikan kalawan judul “*Kumpulan Carpon Bral karya Supriatna: Ulikan Struktural jeung Ajén Sosial*” anu dipiharep bisa nambahan bahasan ngeunaan struktural jeung ajén sosial hususna dina carita pondok Sunda sarta dina hasanah karya sastra Sunda.

1.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang di luhur, nu jadi masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina kalimah pananya ieu di handap.

- 1) Kumaha struktur carita pondok dina kumpulan carpon *Bral* karya Supriatna?
- 2) Ajén sosial naon waé nu aya dina kumpulan carpon *Bral* karya Supriatna?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Luyu jeung kasang tukang sarta rumusan masalah nu geus dipedar, ieu panalungtikan miboga tujuan sacara umum jeung tujuan sacara husus.

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum ieu panalungtikan nyaéta pikeun mikanyaho struktur carita jeung ajén sosial nu aya dina buku kumpulan carpon *Bral* karya Supriatna.

1.3.2 Tujuan Husus

Tujuan husus dina ieu panalungtikan bisa di antarana saperti ieu di handap:

- 1) ngadéskripsikeun struktur carita nu aya dina kumpulan carpon *Bral* karya Supriatna;
- 2) mikanyaho ajén sosial nu nyangkaruk dina eusi kumpulan carpon *Bral* karya Supriatna.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat dina ieu panalungtikan kabagi jadi dua, nyaéta mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis.

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis, ieu panalungtikan miboga mangpaat pikeun méré nyaho sarta ngébréhkeun struktur carita pondok jeung ajén sosial nu aya dina kumpulan carpon *Bral* karya Supriatna. Hasil panalungtikan ieu ogé bisa dijadikeun référénsi nu bisa mekarkeun élmu pangaweruh dina widang sastra.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Dina ieu panalungtikan, dipiharep miboga mangpaat:

- 1) pikeun panalungtik, nambahan sarta ngeuyeuban pangaweruh ngeunaan ajén sosial nu nyangkaruk dina kumpulan carpon;
- 2) pikeun panalungtik ka hareupna, bisa jadi référénsi jeung sumber bahan acuan dina panalungtikanana;

- 3) pikeun lembaga paguron luhur, ieu panalungtikan téh dipiharep bisa méré pangaweruh ogé sumber-sumber panalungtikan nu mawa pangaruh hadé pikeun ka hareupna;
- 4) pikeun pamiarsa, dipiharep bisa nambahan wawasan jeung pangaweruh kana ajén sosial dina kumpulan carpon.

1.5 Struktur Organisasi Skripsi

Ieu skripsi diwincik kana lima bab, nyaéta di handap ieu.

BAB I BUBUKA, dina bab hiji dipedar kasang tukang diayakeunna panalungtikan, rumusan masalah anu baris ditalungtik, tujuan diayakeunna panalungtikan, mangpaat panalungtikan, sarta raraga nyusun laporan panalungtikan.

BAB II ULIKAN TIORI, PANALUNGTIKAN SAMÉMÉHNA, JEUNG RARAGA MIKIR, dina bab dua dipedar tiori-tiori anu patali jeung objék anu baris ditalungtik, nya éta ngeunaan carpon, tiori struktural, jeung ajén sosial.

BAB III MÉTODE PANALUNGTIKAN, dina bab tilu dipedar ngeunaan métode anu dipaké dina ieu panalungtikan, cara ngumpulkeun data, sarta instrumén nu dipaké.

BAB IV HASIL PANALUNGTIKAN JEUNG PEDARAN, dina bab opat dipedar jeung dianalisis data-data panalungtikan ngaliwatan instrumén anu geus ditangtukeun sarta museur dina ngajawab rumusan masalah.

BAB V PANUTUP, dina bab lima dicindekkeun hasil tina pedaran anu aya di bab opat, hasil ahir panalungtikan, sarta méré rékoméndasi dumasar kana hasil anu kapanggih.